

Sa jèn yo bezwen konnen sou

TRAFIK AK EKSPLOITASYON SEKSYÈL



Kisa trafik sekyèl sou timoun ye?

Yon fòm abi grav sou timoun ki poko gen 18 ane tankou k ap fè yon zak sekyèl an echanj pou lajan oswa yon bagay ki gen valè, ke se fòse, fwod oswa entimidasyon.



Ki kote trafik sekyèl fèt?

Trafik sekyèl ka rive **nenpòt kote**.

Trafikan yo ap itilize rezo sosyal yo ak Entènèt la de pli zan pli pou rekrite jèn moun.

Trafik sekyèl ka fèt anpil kote tankou otèl, biznis oswa kay. Li kapab rive tou sou Entènèt la, nan sèvi avèk teknoloji, tankou pran epi voye foto ak videyo sekyèl sou entènèt.



Pifò granmoun ak pifò kote yo an sekirite, men li enpòtan pou sonje ke trafikan sekyèl yo pa toujou sanble danjere epi pou w veye tout jès yo pou w ka pwoteje tèt ou epi jwenn èd si w bezwen.

Ki moun ki trafikan ak achtè sekyèl?

Trafikan ak achtè yo ka gen nenpòt sèks, nasyonalite, oswa laj. Sa vle di:



- Anplwayè yo
- Etranje
- Patnè amoure
- Manm fanmi yo
- Zanmi oswa kanmarad

10 siy avètisman ki montre se trafik oswa eksplwatasyon seksyèl kapab rive fèt



Si yon moun...

- Touche ou kote ou pa vle yo touche ou
- Di ou dwe yon bagay epi ou oblije fè sa yo vle w fè a pou remèt yon dèt.
- Mande w pou w rate lekòl oswa pou w soti ta nan lè ki pa nòmal
- Li mande oswa pran foto oubyen videyo w san rad sou ou
- Menase pou fè ou oswa moun ou renmen yo mal, oubyen menase pou rele lapolis oswa imigrasyon si ou pa fè sa yo di ou fè a.
- Ofri ou kado, lajan, dwòg, manje, oswaabri an echanj pou zak seksyèl
- Kontwole kote ou ale ak moun ou pale; li izole ou de zanmi ak fanmi
- Li gen paspò w, dokiman w, lajan w, oswa telefòn ou nan men l
- Li mande w pou w bay manti sou laj ou
- Li mande w pou w kenbe sekrè sou bagay nou fè ansanm oswa nou gen plan pou nou fè ansanm

Ki jan ou ka jwenn èd si ou menm oswa yon moun ou konnen ka nan yon sitiyasyon trafik seksyèl?

Ou gen dwa, epi men kèk etap ou ka pran si dwa sa yo vyole.

- Pale ak yon **granmoun ou ka fè konfyans**.
- Rele **lapolis** lokal la oubyen **911** si ta gen ijans, oubyen pou rapòte yon moun k ap abize w oubyen k ap eksplwate w.
- Rele **Liy Asistans Telefonik Nasyonal Kont Trafik Moun**. Yo ouvè 24 sou 24, 7 jou sou 7.



Telefòn: 1-888-373-7888

Mesaj Tèks: 233733

Tchat an dirèk: <https://humantraffickinghotline.org/en/chat>